



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN YO NAN ETA A JÒN  
ABRIKO POU REKONÈT MWA AKSYON KONT GRANGO A**

*Yo pral limen One World Trade Center, Pon Kosciuszko, SUNY Plaza, Bilding Edikasyon Eta a, Bilding Alfred E. Smith lan ak Bilding Ekspozisyon Fwa Eta New York la aswè a*

*Inisyativ Nouri New York Eta a ak patenarya avèk HelloFresh te ede bay manje ak fanmi ki nan bezwen yo pandan pandemi COVID-19 la*

**Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou yo enplike nan Mwa Aksyon kont Grangou a**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo pral limen One World Trade Center, Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge) a, Plaza SUNY, Bilding Edikasyon Eta a (State Education Building), Bilding Alfred E. Smith lan, ak Gran Sant Ekspozisyon Fwa Eta a (Great New York State Fair's Exposition Center) a nan koulè jòn abriko aswè a, 10 septanm, pou rekonèt Jounen Aksyon kont Grangou (Hunger Action Day) ak Mwa Aksyon Kont Grangou (Hunger Action Month) a. Eta New York te pran aksyon desizif pou konbat ensekirite alimantè pandan pandemi COVID-19 la, gen ladan lansman pwogram Nouri New York (Nourish New York) la nan tout Eta a ak yon patenarya pilòt avèk HelloFresh pou bay repa fre ak veteran yo, fanmi militè yo, ak lòt rezidan yo nan Vil New York.

"COVID-19 te ogmante difikilte yo ke anpil Nouyòkè yo ap fè fas lè sa gen rapò ak mete manje sou tab yo, epi se moun ki plis vilnerab pami nou yo ki soufri plis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Limen mominan anblematik nou yo nan koulè jòn abriko pandan Mwa Aksyon kont Grangou a onore travay di sila yo nan tout Eta a ki devwe pou konbat ensekirite alimantè, epi sa raple chak Nouyòkè ke yo kapab ofri yon kout men pou konbat grangou mwa sa a epi chak mwa."

Pou bay èd manje dirèk ak fanmi ke COVID-19 afekte yo, Gouvènè a te anonse nan dat 27 avril lansman Inisyativ Nouri New York (Nourish New York Initiative), ki ede bank alimantè yo achte manje nan men fèm New York yo epi distribye li bay sila yo ki nan bezwen nan tout Eta a. Atravè efò multi-ajans sa a, Eta a te kanalize 25 milyon dola bay rezo bank alimantè New York yo ak lòt founisè manje ijans yo nan objektif pou gen plis lèt, yogout, fwomaj, legim, fwi, ak plis ankò, sa ki sipòte ni fanmi ki ap fè fas ak

ensekirite alimantè ak pwodiktè manje Eta a ki te pèdi mache yo kòm rezilta fèmti lekòl ak restoran yo.

Jiska semèn sa a, bank alimantè New York yo te achte ak distribye plis pase 9.9 milyon liv, oswa yon valè 12.8 milyon dola, pwodwi agrikòl New York anplis. Prèske 600,000 fwaye te jwenn èd nan prèske 2,500 evènman distribisyon ke Nouri New York te òganize, gen ladan evènman kotè moun yo rete nan machin yo, pwogram bwat manje yo, ak livrezon repa nan lekòl yo.

Anplis de sa, an repons ak apèl pou èd Gouvènè a te lanse bay òganizasyon filantwòp ak sitwayen New York, yo te bay finansman pou ede founisè manje ijans Eta New York yo achte refrijeratè/glasyè pou estimile kapasite yo pou estoke atik ki fèt ak lèt yo, vyann ak lòt manje perisab yo. Ajou ekipman sa a enpòtan pou bank alimantè yo ak kapasite founisè manje ijans yo pou satisfè demann ki ogmante lakay Nouyòkè ki nan bezwen yo.

Nou ankouraje Nouyòkè yo kontakte bank alimantè lokal yo a nan <https://feedingnys.org/our-member-food-banks/> pou yo jwenn fason pou yo enplike nan Mwa Aksyon kont Grangou a epi ede kominote lokal yo a.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse resaman yon patenarya avèk HelloFresh, konpayi livrezon kit repa ki se lidè nan monn lan, pou konbat pi plis ensekirite alimantè nan mitan pandemi an. HelloFresh, an kolaborasyon avèk Divizyon Sèvis Veteran Eta New York (New York State Division of Veterans' Services) lan ak patenè kominotè yo, pral bay plis pase 200,000 repa fre bay veteran yo, fanmi militè yo ak lòt rezidan yo nan Vil New York ki ap eksperimante difikilte pou mete manje sou tab yo kòm rezilta kriz COVID-19 la.

Chak semèn, volontè yo avèk Veteran Nwa pou Jistis Sosyal (Black Veterans for Social Justice) ak Kanpay Kont Grangou A (The Campaign Against Hunger, TCAH) anbale ak rasanble kit pla manje HelloFresh yo ki gen ladan, engredyan ki fre, ki gen anpil kalite, kat resèt yo, ak yon sachè fwi. Yo pake kit repa yo nan syèj sosyal TCAH la nan Brooklyn epi yo distribye yo gratis, avèk èd Depatman Sèvis Veteran Vil New York, bay veteran yo, manm sèvis yo ak fanmi yo, ak lòt Nouyòkè yo ki te afekte anpil anba COVID-19 la.

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard Ball, te deklare,** "Ane sa a, Mwa Aksyon Kont Grangou a vini nan yon moman ki gen difikilte, se pou sa li espesyalman enpòtan ke nou onore travay di ke anpil Nouyòkè yo fè chak jou pou ede mete manje sou tab yo pou sila ki plis nan bezwen yo. Lè nou wè moniman anblematik nou yo limen nan koulè jòn abriko aswè a pral yon gwo rapèl sou tout gwo travay ki te fèt ane sa a atravè Inisyativ Nouri New York la ak lòt pwogram yo, epi li pral enspire lòt moun pou rejwenn nan efò sa a".

**Dan Egan, Direktè Egzekitif Feeding New York State (Nouri Eta New York), te deklare,** "Dis bank alimantè Feeding New York State yo te reponn ak pandemi sa a nan

ogmante distribisyon manje nou yo nan plis pase 144 milyon liv nan premye kat mwa kriz la. Sa plis pase yon ogmantasyon 50% pa rapò ak menm peryòd kat mwa a pou ane pase a. Okenn Nouyòkè pa ta dwe oblije gen enkyetid sou ki kote pwochen repa yo a ap soti. Nou fyè pou reyalizasyon sa a epi nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo pou Inisyativ Nouri New York li a. Nouri New York te pèmèt nou ranfòse patenarya nou yo avèk agrikiltè New York yo, nan distribye plis manje ki gen bon jan kalite bay Nouyòkè ki nan bezwen yo. Patenarya nou an avèk ajans Eta a te ekselan. Nou pa ka tann pou wè avni pwogram sa a".

**Randi Shubin Dresner, Prezidan ak Direktè Egzekitif Island Harvest Food Bank (Bank Alimantè Rekòt Island), te deklare,** "Ane sa a, Mwa Aksyon kont Grangou a pran yon siyifikasyon anplis paske anpil Nouyòkè te chèche manje ijans akòz kalamite ekonomik pandemi an te kreye, anpil se pou premye fwa. Gras ak Inisyativ Nouri New York Gouvènè Cuomo a ak lòt pwogram bay manje yo, òganizasyon soulajman grangou yo nan tout Eta a kapab bay sipò manje enpòtan pou moun ki gen difikilte pou mete manje sou tab yo a".

**Joel Evans, Direktè Ekzekitif Adjwen nan Divizyon Sèvis Veteran Eta New York la, te deklare,** "Pandan moman san presedan sa yo, pwoblèm ensekirite alimantè ke veteran ak fanmi militè yo ap fè fas la te agrave. Se paske Gouvènè Cuomo konprann difikilte sa yo ke sila yo ki te nan sèvis peyi a ap fè fas ke yo te devlope patenarya sa a avèk HelloFresh. Se yon konbinezon fòs ant sektè piblik ak prive a pou ede rezoud enkyetid ensekirite alimantè pou veteran New York yo ak fanm yo. Efò sa a pandan Mwa Aksyon kont Grangou a asire ke plis fanmi veteran gen aksè ak manje fre, ki bon pou lasante ansanm ak avantaj yo te genyen nan sèvis nasyon nou an".

**Direktè Egzekitif HelloFresh US, Uwe Voss, te deklare,** "HelloFresh plis angaje pase jamè pou mete manje fre, gen ladan fwi, legim, ak pwoteyin disponib pou sila yo ki bezwen li pi plis. Nou fyè pou sipòte gwo travay Gouvènè Cuomo ak Inisyativ Nouri New York la pou konbat ensekirite alimantè pandan moman ki enpòtan anpil sa a nan bay èd ak veteran New York yo ak fanmi ki nan bezwen yo".

**Jeffrey Crist, Agrikiltè 4yèm Jenerasyon (4th Generation Farmer) ak Prezidan Crist Brothers Orchards (Vèje Frè Crist yo), epi manm Konsèy sou Politik Grangou ak Manje (Council on Hunger and Food Policy) a, te deklare,** "Kòm youn nan anpil fèm ki ede bay moun manje nan tout monn lan, nou genyen yon angajman solid ak efò sansès pou ede kominote yo kèlkeswa kote ki genyen yon pwoblèm sou sekirite alimantè. Nou menm nan Crist Brothers Orchards nou ap sipòte divès pwogram Eta New York pou konbat ensekirite alimantè, epi nou fyè pou nou mete tèt nou ansanm an rekonesans pou Mwa Aksyon kont Grangou a".

Inisyativ sa yo fonde sou angajman alontèm Eta New York pou lite kont grangou. Eta a te lanse plizyè pwogram revolisyonè nan ane ki sot pase yo, gen ladan Konsèy sou Politik Grangou ak Manje a, Vital Brooklyn (Brooklyn Vital), ak Inisyativ Okenn Elèv Pap Rete Grangou (No Student Goes Hungry) a, pou konbat grangou, amelyore aksè pou

manje ki bon pou lasante, ke yo kiltive lokalman epi pote manje ak bwason yo kiltive nan New York nan kominote defavorize yo.

Konsèy sou Politik Grangou ak Manje a ap travay avèk divès ajans ak sektè Eta a pou idantifye nouvo politik ak pwogram pou amelyore aksè pou manje lokal ki fre, ki nitritif nan Eta New York epi pou ede ranfòse lyen yo ak koperasyon ant pwogram k ap okipe grangou ak antite k ap pwodwi ak bay manje. Konsèy la te sipòte anpil efò kreyatif pou konbat grangou, gen ladan defann yon kredi enpo pou agrikiltè yo ki fè don bay bank alimantè yo epi li te ede lanse Inisyativ Okenn Elèv Pap Rete Grangou Gouvènè a, sa ki etann aksè pou ti dejene gratis epi ki ogmante ranbousman lekòl yo resevwa pou manje midi yo pou nenpòt distri ki achte omwen 30 pousan engredyan yo nan fèm New York yo.

Atravè inisyativ Vital Brooklyn lan, Eta a pote manje ki bon pou lasante bay rezidan yo nan Brooklyn Santral tou, youn nan zòn ki pi defavorize yo nan Eta a. Eta New York envesti prèske 2 milyon dola nan nouvo pwogram ak inisyativ yo pou ogmante aksè nan manje ki nitritif nan Brooklyn Santral, gen ladan pwogram mache mobil lan, depistaj ensekirite alimantè pou granmoun aje yo, mache agrikiltè ke jèn ap jere yo, jaden kominotè yo ak yon etid sou lokalizasyon sant distribisyon alimantè.

Eta a, anba direksyon Gouvènè a, te elaji tou Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplèmantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a, sa ki etann posibilite pou plis fanmi kalifye. Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans pou Nitrisyon (Hunger Prevention and Nutrition Assistance Program, HPNAP) ap pwolonje jiska 2020, epi yo te etann tou pwogram FreshConnect Eta a ak Pwogram Sòti nan Fèm Ale Lekòl (Farm-to-School Program) Eta New York la depi pwogram yo te kòmanse a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)